

26

oktòb

Benediksyon pou sila ki Bondye epi Papa Senyè nou an, Jezi Kris ! Pitye li tèlman gran, li ban nou yon nouvèl nesans. Konsa, grasak Jezi Kris ki te resisite pami mò yo, nou gen yon esperans vivan. 1 Pyè 1. 3

Jezi resisite (1)

Jezi resisite. Men gwo temwayaj disip li yo. Kèk nan yo te la bò lakwa kote Jezi te mouri a, gen kèk lòt ki te kouri. Yo tout te dekouraje e yo te nan lapenn lè yo wè yo te touye Mèt yo a ak zanmi yo a, apre yo te fin jije l nan yon pwosè ki pa gen tankou li. Epoutan, kèk jou apre, menm disip sa yo, ak anpil kouraj ak lajwa, te pwo-paje nouvèl Jezi resisite a toupatou, pafwa lavi yo te menm menase poutèt sa.

“Je moun sa yo ki se temwen rezireksyon Kris la pa ta ka twonpe yo. Moun pa ka di nonplis se manti yo t ap fè. Apot yo se te moun ki moral, yo te pale ak kè poze, rayis-man ak pèsekisyon yo te sibi poutèt mesaj yon Mesi ki te mouri e ki resisite, tout sa yo fè nou pa ka menm sipoze yo te twonpe tèt yo. Menmjan temwen yo merite pou nou fè yo konfyans, se menmjan tou pou temwayaj yo te bay sou rezireksyon Jezi a, poto mitan lafwa ak mesaj yo a, yo klè, tout moun ka konprann yo, tout moun di menm bagay” (*C. Babout*).

Poto mitan ak kote espwa kretyen an kòmanse, se pa yon filozofi, men se yon reyalite, yon bagay ekstrawò-dinè, ki deklare e ki temwaye tou lanmou ak tout pisans Bondye.

Kretyen, nou gen sètitud sou lavni nou paske se nan Jezi li deja kòmanse, nonm ki resisite a.

26

octobre

Béni soit le Dieu et Père de notre Seigneur Jésus Christ, qui, selon sa grande miséricorde, nous a régénérés pour une espérance vivante par la résurrection de Jésus Christ d'entre les morts. 1 Pierre 1. 3

Jésus est ressuscité (1)

Jésus est ressuscité. Voilà le grand témoignage de ses disciples. Certains d'entre eux étaient présents près de la croix où Jésus est mort, d'autres s'étaient enfuis. Et tous étaient découragés et tristes devant le constat que leur Maître et ami avait été mis à mort, suite à un procès inique. Et pourtant quelques jours après, pleins de courage et de joie, ces mêmes disciples ont pu proclamer partout, parfois au péril de leur vie, que Jésus est ressuscité.

“Ces témoins de la résurrection de Jésus ne peuvent pas avoir été victimes d'une illusion. Encore moins peuvent-ils être soupçonnés de mensonge. Le caractère moral des apôtres, leurs accents de conviction, les railleries et les persécutions que leur attirait la prédication d'un Messie mort et ressuscité, écartent absolument toute supposition de ce genre. Autant les témoins sont dignes de foi, autant les témoignages qu'ils ont rendus à la résurrection de Jésus, objet principal de leur foi et de leur prédication, sont clairs, explicites, unanimes” (*C. Barbut*).

Le point de départ et le fondement de l'espérance chrétienne, ce n'est donc pas une philosophie, mais un fait établi, extraordinaire, qui atteste et rend témoignage à la fois à l'amour et à la toute-puissance de Dieu.

Croyants, nous avons des certitudes sur notre avenir parce qu'il a déjà commencé en Jésus Christ, l'homme ressuscité.